



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 13 me 2014

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PRESKE \$9 MILYON DOLA NAN PRIM FINANSMAN POU PWOJÈ NIAGARA FALLS ETA

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse plis pase \$9 milyon dola nan prim finansman pou de pwojè restorasyon nan State Park Niagara Falls ki te souliye pwogrè ki te fèt an sipò a rivyè Niagara Greenway ansanm avèk revitalizasyon kontinyèl sistèm park eta New York.

“New York gen kèk nan pi bèl park nan peyi a, e administrasyon nou an ap travay di pou asire prezèvasyon zòn rekreyasyon espektakilè sa yo pou pwochen jenerasyon yo,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Nan finansman pwojè restorasyon sa yo nap devlope yon state park Niagara Falls ki nouvo ak amelyore ki pral kontinye atire vizitè nan mond lan pou ane kap vini yo.”

Biwo Park Eta New York, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik Komite pèmanan Fon Rivyè Niagara Greenway (Komite pèmanan Park Eta) te apwouve yon \$3.83 milyon dola prim pou restorasyon Terrapin point, youn nan de pi gwo zòn obsèvasyon ki bay sou chit ak anba Niagra Gorge nan pati New York la. Komite a te apwouve preske \$5.1 milyon dola prim pou renovasyon plaza akote Kav Van ak paviyon bildin lan. Toulède pwojè yo te jije konsistan avèk plan rivyè Niagara Greenway e yo se yon pati nan travay kontinyèl park eta ki pi ansyen nan peyi a, sipòte pa State Park ak Otorite Enèji New York [New York Power Authority (NYPA),] kap bay finansman.

Depi li fin acheve, Terrapin Point pral ADA aksesib, prezante plantasyon natif natal, yon nouvo sistèm sikilasyon, ak nouvo twotwa ak balistrad, tout sa yo pral amelyore eksperyans nan gade Horseshoe nan bon plas sa. Konstriksyon an pwograme pou l kòmanse nan prentan 2015. Ou kapab jwenn karakteristik pwojè sa a [la](#) ak [la](#).

Plaza ki akote Kav Van ak Paviyon bildin lan pral prezante yon nouvo stasyon konfò, Sant enfòmasyon/tikè, ak sistèm sikilasyon amelyore pou pyeton, plantasyon natif natal, syèj ak twotwa. Konstriksyon an pwograme pou l kòmanse mwa pwochen e li pral fèt pwogresivman pandan pwochen ane kap vini yo. Ou kapab jwenn karakteristik pwojè sa a [la](#), [la](#) ak [la](#).

Komisyonè Rose Harvey nan Biwo Park Eta New York, Rekreyasyon ak Prezèvasyon istorik te deklare, “Travay sa kontinye pou l yon chanjman enkwayab nan kouwòn bijou sistèm pak nou yo. Terrapin Point

Haitian Creole

se petèt pi bon plas pou santi pwisans chit la e avèk travay sa a, plis moun pral anmezi pou pwofite de li ansanm avèk eksperimante l nan yon anviwonman pi natirèl.”

Prezidan NYPA ak ofisye egzekitif anchèf, Gil C. Quiniones, te deklare, “Gouvènè Cuomo te bay pi gwo enpòtans nan swen ak amelyorasyon premye sistèm park New York. Power Authority fyè dèske li te kontribye nan pwojè sa a avèk finansman Greenway nou an pou pwojè restorasyon nan Terrapin Point ak plaza nan Cave Winds ansanm avèk anpil lòt inisyativ. Ansanm avèk Park la ak lòt patnè nan gouvènman lokal ak eta, nap fè yon gwo diferans pou devlopman Greenway nan Niagara ak Konte Erie.”

Komite pèmanan Park Eta te resevwa finansman ki soti nan Power Authority kòm yon pati nan yon kontra antant ki gen rapò a 50yèm lisans federal NYPA te resevwa pou Izin Santral Idwo-elektrik Niagara nan ane 2007.

Ansanm avèk Komite Pèmanan Park Eta, twa lòt komite pèmanan te kreye pou dispèse yon total \$450 milyon dola nan finansman NYPA pou devlopman Greenway pandan manda lisans eksplwatasyon pwojè Niagara. Lòt komite yo se Komite pèmanan Ekolojik Greenway, Kominote òganizatè Komite pèmanan Finansman Greenway ak komite pèmanan finansman Greenway konte Buffalo ak Erie.

“Pwojè sa yo reponn a plizyè ane, angajman \$25 milyon dola pou renove Pak Eta Niagara, state park ki pi ansyen nan peyi a, de yon gwo kantite peman lajan alavans ke NYPA te deja angaje pou bay pou amelyorasyon Niagara Rivyè Greenway nan state pak yo nan kad renouvèlman lisans Izin idwo-elektrik,” Depite Brian Higgins te deklare. “Sa a se yon egzanp pafè sou fason règleman renouvèlman kontinye pou fè chanjman siyifikatif nan byen natirèl rejyon an.”

Senatè George Maziarz te deklare, “Amelyorasyon nesèsè sa yo kontinye pou l transfòme state park Niagara Falls nan atraksyon entènasyonal li ta dwe ye si nap kontinye devlope ekonomi lokal nou an. Anplis de enèji a ba pri ap kreye oswa kenbe travay lokal, sa a se yon egzanp briyan sou fason resous NYPA kapab itilize nan lwès New York pou amelyorasyon nan tout rejyon an.”

Manm asanble John Ceretto te deklare, “Kòm yon ansyen travayè nan state park Niagara Falls, li ban mwen yon sans imans fyète pou wè eta ap poli bijou nan kouwòn vil nou an. Falls la atire plizyè milyon vizitè chak ane e nou bezwen sipòte pwojè tankou sa yo pou amelyore eksperyans touris ak ankouraje nouvo devlopman ki konsantre sou satisfè esperans travayè yo.”

Majistra Niagara Falls Paul Dyster te deklare, “ Sa a se yon lòt egzanp sou fason Gouvènè Cuomo te ankouraje plizyè ajans tankou NYPA, State Park ak Vil la pou travay ansanm pou anrichi eksperyans touris nan Niagara Falls. Nou tout rekonèt bote natirèl Falls la ap toujou pi gran atraksyon nan Niagara. Investi fon Greenway pou kenbe pak la nan frechè l pral pote randman kounye a ak pou pwochen jenerasyon yo.”

Komisyon Rivyè Niagara Greenway, yon òganizasyon enterè piblik te kreye pou pilote devlopman yon pak Greenway ki relye antre yo, pwen aksè nan rivyè a ak santye zòn dlo nan rivyè Niagara, asire ke

Haitian Creole

pwojè Greenway konsistan avèk Plan rivyè Greenway Niagara. Pou aprann plis sou komisyon an konekte sou www.niagaragreenway.org.

Pou aprann plis sou Biwo Park, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik Eta New York, konekte nan www.nysparks.state.ny.us.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou NYPA ak pwojè renouvèlman lisans Niagara, kontekte sou <http://niagara.nypa.gov>.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418